


Kanabis nan Vil New York: Konnen Dwa Ou yo

Li legal pou adilt yo konsome kanabis (mariwana) nan Eta New York.



3 ons

24 gram

Adilt ki gen 21 lane ak plis ka genyen epi pataje (men yo pa kapab vann) jiska 3 ons flè kanabis oswa boujon kanabis, epi yo kapab genyen jiska 24 gram kanabis konsantre tankou lwil oswa sigarèt elektwonik.



Espas pou Fimen

Adilt ki gen venteyen (21) lane ak plis ka fimen kanabis oswa sigarèt elektwonik ki gen kanabis nan pifò espas kote yo otorize moun fimen tabak.



Nou agrandi pwogram pou kanabis medikal la nan New York. Pou w jwenn enfòmasyon sou chanjman sa yo, ale sou cannabis.ny.gov/medical-cannabis.



Yo pèmèt lavant kanabi sèlman nan dispansè ki gen lisans nan Eta New York. Pou kapab jwenn enfòmasyon ki ajou sou fason legal pou achte kanabis, tankou kote dispansè yo ye, vizite cannabis.ny.gov/adult-use.

Travay

- Konpayi yo pa kapab pran desizyon kont moun ki ap itilize kanabis yon fason ki legal lè yo pa nan travay la. Konpayi yo kapab kreye epi ranfòse politik ki entèdi pou moun ki konsome kanabis gen sans afebli oswa konsome kanabis pandan yo nan travay la. Mande konpayi ou a ki politik espesifik li gen sou kanabis.
- Konpayi yo kapab pran desizyon kont moun ki febli paske y ap itilize kanabis oswa k ap konsome li pandan yo nan travay.
 - Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou dol.ny.gov epi chèche "**workplace cannabis**" (**kanabis nan espas travay**).
- Lwa lokal ki gen nan Vil New York entèdi pou teste moun pou konsomasyon kanabis anvan ou anplwaye yo.
 - Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou nyc.gov/dcas epi chèche "**cannabis testing**" (**tès pou konsomasyon kanabis**).



Byennèt timoun

- Nou pa kapab itilize posesyon legal oswa itilizasyon legal kanabis kòm yon rezon pou refize gad timoun oswa vizit pou yon timoun.
- Nenpòt moun ki gen timoun oswa ki gen jèn moun lakay li dwe ranje kanabis la ak pwodui ki gen kanabis yo yon kote ki pa sou je, epi yon kote timoun ak jèn moun p ap ka pran l.




Lojman

- Pwopriyete prive yo pa kapab refize yon lojman paske moun lan konsome kanabis.
- Politik ki gen nan bilding prive an ka mete limit oswa li ka entèdi moun fimen epi itilize sigarèt elektwonik anndan kay yo. Verifye kontra ou an oswa règleman bilding lan.
- Devlopman lojman Otorite Lojman Vil New York (New York City Housing Authority, NYCHA) gen politik ki kont tabak epi ki anpeche moun fimen ak itilize sigarèt elektwonik ki gen tabak ak kanabis sou pwopriyete a. Lojman piblik ki fè pati yon pwogram federal dwe respekte lwa federal ki entèdi moun genyen epi konsome kanabis ak pwodui ki gen kanabis.



Moun ki ekspoze ak lafimen sigarèt moun k ap fimen

- Li entèdi pou moun fimen epi rale vapè nenpòt pwodui, sa gen ladan l kanabis tou, nan espas piblik batiman yo ak nan pifò espas travay yo. Gen lòt kote ki entèdi moun fimen ak rale vapè sa gen ladan, men sa pa limite ak, restoran, ba ak espas piblik tankou nan pak ak plaj yo.
- Pou jwenn lwa ki entèdi moun fimen nan yon espas piblik, ale sou nyc.gov/health/tobaccocontrol.
- Pou depoze yon plent konsènan yon vyolasyon yon moun k ap fimen fè, rele nan **311** oswa ale sou portal.311.nyc.gov epi chèche "**smoking complaint**" (**depoze yon plent pou moun k ap fimen**).



Sistèm Penal

- Yo ap siprime (elimine) nan dosye moun ki konsène yo enfraksyon ki pase epi ki gen rapò ak kanabis ki pa ilegal ankò dapre nouvo lwa yo.
- Pwosesis sa a otomatik, pou rezon sa a li pa nesesè pou moun ki gen dosye a fè okenn aksyon.
- Li ka pran jiska de (2) lane pou yo siprime (elimine) dosye yo.
- Nouvo lwa a limite fouy ki fèt nan yon machin sou baz gen yon sant kanabis nan zòn chofè a kapab rive byen fasil.
- Dapre nouvo lwa a, lè yon moun konsome kanabis yon fason ki legal yo pa kapab konsidere sa nan desizyon Eta a oswa otorite lokal yo ap pran pou bay libète sou kondisyon oswa pwobasyon.
- Li posib pou moun yo jwenn yon rediksyon pèn pou enfraksyon ki gen rapò ak kanabis epi ki te modifiye nan kad nouvo lwa a.



- Tribinal la ka diminye yon pèn ki genyen aktyèlman si dosye a reponn ak kondisyon legal ki obligatwa yo.
- Kontrèman ak sipresyon an (se lè yo retire enfraksyon yo nan kazye jidisyè yon moun akòz yon nouvo lwa), reyajiste pèn lan (se lè yo ajjiste pèn lan akòz yon nouvo lwa) pa otomatik. Pou yo kapab reyajiste pèn lan fòk gen yon avoka ki depoze demann lan nan tribinal la.

Imigrasyon

- Kanabis la toujou ilegal dapre lwa federal la. Lè yon moun pa respekte lwa sou kanabis la, li kapab toujou lakòz li gen gwo pwoblèm nan imigrasyon.
- Pou w jwenn plis enfòmasyon, chèche sèvis jiridik sou kesyon imigrasyon. Si w ta renmen jwenn enfòmasyon epi konekte pou w jwenn èd rele liy dirèk ActionNYC, se vil la ki finanse l epi li gratis ak san danje nan 800-354-0365, oswa rele **311** epi di "ActionNYC" (Aksyon Vil New York) apati 9 a.m. pou rive 6 p.m., soti lendi pou rive vandredi.

Pou w kapab jwenn èd jiridik gratis, kontakte Sant Aksyon Legal (Legal Action Center) (212-243-1313), Sosyete Asistans Legal (Legal Aid Society) (212-577-3300), Sèvis Legal Vil New York (Legal Services NYC) (917-661-4500) oswa Avoka New York pou Enterè Piblik (New York Lawyers for the Public Interest) (212-244-4664). Pou jwenn plis enfòmasyon, rele **311**.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou nyc.gov/health/cannabis.